



Pou Piblikasyon Imedya: 14/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO INISYATIV TÈS POU AMVIOELYORE DETEKSYON AK KONTWÒL COVID-19 ATRAVÈ ETA NEW YORK

*Anonse 500,000 dola pou pwogram pilòt pou teste vris la nan sistèm dlo ize yo kòm 'Endikatè Avètisman P'rematire pou detekte pwopagasyon COVID-19*

*Apre dekouvèt novo gwooup ki lye avèk travayè nan fèm sezonye yo, DOH Eta a ak Agrikilti & Mache dwe voye ekip pou tès mobil nan fèm yo & ede avèk sant izòlman yo*

*Yo te apwouve SUNY pou apwòch "Tès an Gwooup" ki pral ogmante dramatikman kapasite tès nan Inivèsite Medikal Rejyon Nò SUNY an*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon seri novo inisyativ ki gen rapò ak tès COVID-19 ki pral amelyore kapasite Eta New York pou detekte ak kontwole viris la nan kominote yo atravè eta a.

Gouvènè a te anonse lansman yon pwogram pilòt pou detekte prezans COVID-19 nan dlo ize, ki deziyen pou etabli yon sistèm endikatè prematire pou predi pwopagasyon viris nan kominote yo. Gen 500,000 dola ki pral sipòte alajisman premye echantyon dlo ize ke yo ap antreprann nan konte Onondaga epi kòmanse koleksyon echantyon nan twa lòt kominote, ki se Albany, Newburgh ak Buffalo.

Anplis de sa, apre pwogram trasaj kontak New York te idantifye plizyè novo gwooup nan fèm ki lye ak travayè sezonye yo ki te vwayaje dènyèman nan New York, Gouvènè a te anonse ke Depatman Sante (Department of Health, DOH) ak Depatman Agrikilti & Mache (Department of Agriculture & Markets) pral voye ekip tès mobil nan fèm yo nan konte riral yo atravè eta a, ansanm ak ede ak aksè ak lojman izolman kote ki nesesè pou travayè ki teste pozitif yo.

Gouvènè a te anonse tou ke Depatman Sante Eta New York te apwouve State University of New York pou antreprann tès siveyans an gwooup pou COVID-19 - ke se yon metòd inovan kote yo ka analize anpil echantyon nan yon sèl tès. Yo te devlope ak validate apwòch tès an gwooup SUNY an nan laboratwa Inivèsite Medikal Rejyon Nò SUNY (SUNY Upstate Medical University), epi li pral itilize echantyon krache yo, ke yo ap mete yo ansanm nan lo ki gen 10 e menm jiska 25 echantyon. SUNY Upstate pral kapab fè omwen 12,000 e plis tès chak jou akoz apwòch inovan sa a.

"Kòm Nouyòkè yo rete vijilan nan sispann pwopagasyon an ak kominote nou yo re-ouvrir ak pridans, nou kontinye konsantre agresivman sou tès yo pou nou ka detekte ak kontwole nenpòt ki novo epidemi coronavirus", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Nouvo inisyativ tès sa yo, analize dlo ize pou COVID, deplwaye ekip mobil tès pou adrese group nan fèm yo, ak envesti nan novo kapasite lè nou sèvi avèk tès an gwoup, pral yon pati empòtan nan efò eta nou an pou teste, trase kontak epi izole - ak defye virus la."

### **Deteksyon Pilòt Dlo Ize**

Pilòt dlo ize a pral itilize pou evalye posibilité yon inisyativ nan tout eta a pou itilize dlo ize kòm yon endikatè prensipal prevalans COVID-19 nan popilasyon an, itilite nan predi tès dyagnostik ak bezwen trasaj kontak yo, ansanm ak mezi atenyasyon potansyèl tankou preparasyon pou lopital, bezwen pou ranfòse Dekrè Egzekitif yo oswa re-evalye plan re-ouvèti yo. Depatman Sante Eta New York ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York ap fè patenarya nan pwogram pilòt la avèk Syracuse University, Syans Anviwònmantal ak Forèstri SUNY (SUNY Environmental Science and Forestry), Inivèsite Medikal Rejyon Nò SUNY an, Quadrant Biosciences ki baze nan Syracuse, ak kabinè konsiltasyon an matyè enjenyeri Arcadis.

Byen bonè nan pandemi COVID-19 la, etid syantifik yo demonstre ke materyèl jenetik, RNA, nan virus ki lakòz maladi a, SARS-CoV-2, te kapab detekte nan poupop rive jiska 40 pouzan nan moun ki enfekte yo, menm moun ki asenptomatik yo. Malgre yo pa kwè ke dlo ize se yon sous ki vyab nan transmisyon maladi, sa a te bay yon endikasyon ki fò ke yo te kapab potansyèlman detekte siyal jenetik la nan dlo ize. Yo te isilize tras maladi enfektyez nan dlo ize anpil deseni de sa yo pou trase transmisyon ak eliminasyon polyoviris.

Yo te deja pran yon echantyon limite nan sistèm dlo ize nan Konte Onondaga epi 500,000 dola nan novo finansman ke Gouvènè a anonse jodi a pral sipòte etid pilòt elaji a nan yon frekans ogmante nan echantyonaj nan Konte Onondaga ak nan twa lòt kominote, Albany, Newburgh ak Buffalo. Kominote sa yo gen karakteristik ak zòn ki pral pèmèt siveyans espesifik nan zòn jewografik ki pi piti tankou zòn rezidansyèl, endistriyèl, komèsyal ak/oswa zòn otèl yo. Yo pral idantifye jiska 12 kote, oswa twou egou, nan chak kominote ak echantyonone twa fwa pa semèn sou yon peryòd kat semèn pou detèmine tandans nan nivo SARS-CoV-2 nan chak twou egou. Yo pral analize relasyon ki genyen ant done virus dlo ize ak ka COVID-19 yo nan zòn korespondan an. Etid pilòt la pral prevwa tou yon pwogram pou pran echantyon an pwofondè chak jou nan 10 kote ki gen gwo enkyetid oswa enterè espesyal.

"Pwogram siveyans eksitan sa a se yon lòt zouti nan asenal pandemi New York pou evalye efikasite nan mezi distans sosyal ak re-ouvèti eta a pwogresivman", **Komisè Depatman Sante Eta New York, Doktè Howard Zucker, te deklare**, "Pandan n'ap prepare pou yon 'dezyèm vag' antisipe nan transmisyon virus an otòn sa a, nou dwe itilize tout eleman done syantifik ki disponib pou enfòme nou epi asire kominote nou yo ke nou pran devan virus la lè li re-emèje".

**Komisè DEC, Basil Seggos, te deklare**, "Pandan tout repons Eta a COVID-19, Gouvènè Cuomo te ankouraje Nouyòkè yo ak ankouraje nasyon an pou kite syans detèmine chemen ki pi an sekirite pou nou avanse. Inisyativ inovan sa a gen potansyèl pou bay done valab ak endikasyon ki pral ranfòse repons kontinyèl Eta a. Nan absans yon estrateji nasyonal pou pwoteje kominote nou yo kont viris sa a, dè milyon Ameriken te swiv tras New York paske ekspè nou yo te gide pa syans e pilòt sa a pral sèvi pou benefisyè Nouyòkè yo epi potansyèlman nasyon an".

### **Tès Mobil pou Travayè nan Fèm sezonye yo**

Eta New York konstate yon ogmantasyon nan gwoup ki asosye avèk fèm ki anplwaye travayè sezonye ki vwayaje soti an deyò eta a. Gwoup sa yo istorikman se akoz kantite travayè ki pi elve ki an pwoksimite etwat pliske fèm yo ak enstalasyon pwodiksyon manje yo te rete ouvri kòm biznis esansyèl. Genyen tou enstalasyon lojman kolektif ke kèk fèm bay travayè yo, ki poze yon pi gwo risk pou transmisyon COVID. Pliske yo rekonèt gen plizyè faktè ki ogmante risk pou transmisyon COVID ki preznan fèm yo toupatou nan Eta New York, Depatman Sante ak Depatman Agrikilti ak Mache Eta a pral deplwaye ekip tès mobil nan konte ki gen plis kantite travayè sezonye yo. Eta a pral sipòte tou jan sa nesesè ak aksè a izolman lojman pou travayè ki teste pozitif yo.

### **Apwobasyon Tès an Gwoup SUNY an lè li sèvi avèk Krache**

Depatman Sante Eta New York te apwouve State University of New York pou antreprann tès siveyans an gwoup pou Covid-19 - ke se yon metòd inovan kote yo ka analize anpil echantyon nan yon sèl tès. Yo te devlope ak validate apwòch tès an gwoup SUNY an nan laboratwa Invèsite Medikal Rejyon Nò SUNY ak Quadrant Biosciences, epi li pral itilize echantyon krache yo, ke yo ap mete yo ansanm nan lo ki gen 10 e menm jiska 25 echantyon.

Tès an gwoup la pèmèt yo fè tès pou apeprè 10-25 moun nan yon sèl tès la. Tès la ka fèt lè yo sèvi avèk krache olye tanpon ke yo foure nan nen yon pasyan. Moun yo administre tès yo pou tèt yo, tanponnen bouch yo pou 10 oswa 15 segonn yo chak, epi bay pèsonèl medikal la echantyon krache yo.

Echantyon yo kombine an yon sèl, ke yo teste pou koronavirus. Yon tès negatif vle di ke tout 10-25 moun ki nan gwoup la yo sipoze nan moman an yo pa gen kowonavirus. Yon tès pozitif pou gwoup la ta vle di chak moun nan gwoup sa a ta bezwen teste endividylelmnan pa yon tès PCR.

"Nan semèn kap vini yo, SUNY pral re-ouvre edikasyon siperyè atravè eta a ak yon pòsyon nan 415,000 etidyan ak 90,000 anplwaye li yo k'ap retounen nan 64 kanpis nou yo", **Robert Megna, Ofisye Responsab SUNY, te deklare**, "Gras ak ekip rechèch Medikal Rejyon Nò SUNY an, ak Quadrant Biosciences ak ekip nan SUNY System (Sistèm SUNY) ak SUNY Research Foundation (Fondasyon Rechèch Sun) y, kapasite tès nou yo ogmante anpil. Li pral pi rapid ak pi efikas pou tès siveyans nou bezwen

pandan n'ap kòmanse reprann lavi nan kampis la. Nou remèsyé Gouvènè a pou lidèchip li ak Depatman Sante New York paske yo apwouve tès sa a".

"Invèsite Rejyon Nò SUNY an apresye sipò eta a pou pwotokòl pou fè tès krache ke nou devlope ak Quadrant Biosciences", **Mantosh Dewan, MD, prezidan pa enterim Invèsite Rejyon Nò SUNY an, te deklare**, "Travay Upstate ak Quadrant Biosciences, yon Jèn konpayi New York, te abouti nan avans enpòtan nan devlopman solisyon dyagnostik ki baze sou krache pou kondisyon newolojik tankou twoub espèk otistik, maladi Parkinson ak blesi komosyon serebral yo. Kapasite pou transfere apwòch inovan sa a pou ede kolèj ak invèsite yo ak travay san parèy epi konplèks pou prepare retou etidyan yo nan kampis yo atravè eta a se yon pati enpòtan nan kad repons New York ak pandemi COVID la".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)